

Nou tout gen bon kesyon konsènan vaksinyasyon



Èske vaksen COVID-19 la...

Gratis? **WI**

- Pa gen frè pou resevwa vaksen an.
- Si yo chaje w yon frè pou pran yon randevou oswa pou resevwa yon vaksinyasyon, se fwod.

Inivèsèl ak aksesib pou tout moun? **WI**

- Li pa obligatwa pou gen yon kat RAMQ oswa asirans sante.
- Se sèlman non ou ak dat nesans ou yo pral mande w.

Obligatwa? **NON**

- Vaksinyasyon an rekòmande pou tout popilasyon an ki gen plis pase 16 lane (laj minimòm lan ka chanje selon etid aktyèl yo).

Èske mwen ta ka rate lè pou mwen pran vaksen an?

NON

Depi li lè pou gwoup laj pa w la pran vaksen an, ou ka pran yon randevou. Ou kalifye pou resevwa vaksen an nan dat sa a epi ou ka toujou resevwa vaksen an apre sa, kèlkeswa lè ou chwazi pou pran vaksen an.

Èske vaksen COVID-19 la kapab...

Ban mwen COVID-19? **NON**

- Vaksen ki otorize nan Kanada pa gen viris vivan, kidonk li enposib pou pran maladi a nan vaksinyasyon an.

Fè yon tès COVID-19 vin pozitif? **NON**

- Yon tès COVID sèlman verifye si yon moun enfekte epi malad ak viris la.

Gen pwodwi toksik pou bèt oswa pou moun? **NON**

- Okenn nan vaksen yo pa gen pwodwi san, mèki, aliminyòm, fòmaldèyid, selil anbriyon, oswa nenpòt lòt pwodwi bèt.

Reprezante yon risk si m vle fè pitit? **NON**

- Pa gen okenn prèv ki montre efè segondè vaksen COVID yo sou fètilite oswa enfètilite, sa vle di, vaksen yo pa gen enpak sou kapasite pou vin ansent oswa pote yon gwosès jiska tèm.
- Yo ka rekòmande vaksen an pou yon moun ki ansent oswa k ap bay tete pou diminye risk COVID-19 lan epi pou yon pi bon pwoteksyon. Konsilte doktè ou.

Pèmèt swivi? **NON**

- Vaksen yo pa mete ti pus elektwonik nan kò w. Lè ou resevwa youn nan vaksen COVID-19 yo, enfòmasyon pèsònèl ou yo pa pataje epi yo pa swiv ou. Vaksen an sèlman gen ladan materyèl ke kò a ka absòbe ak dekonpoze.



Operasyon vaksinyasyon COVID-19

Toutotan nouvo enfòmasyon sou vaksen yo ap disponib, y ap mete enfòmasyon yo ajou pou piblik la. Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou [quebec.ca](https://www.quebec.ca) (an Franse ak Angle). Si sa nesèsè, mande yon moun pou ede ou.

Èske vaksinasyon an efikas nan batay kont pandemi an?

Vaksinasyon an se youn nan mezi ki pi efikas pou pwoteje ou kont COVID-19. Li ka anpeche maladi oswa limite konplikasyon grav yo epi anpeche lanmò. Plis gen moun k ap pran vaksen, se mwens chans viris la ap genyen pou repwodwi. Avèk le tan, l ap mouri, jan sa konn rive ak anpil lòt maladi.

An total, vaksen te kontwole sèt maladi grav: Varyòl, difteri, tetanòs, lafyèv jòn, tous koklich, polyo ak lawoujòl.

Ki efè segondè vaksen COVID-19 yo?

Efè segondè vaksen an piti anpil konpare ak konsekans grav ak potansyèlman fatal COVID-19 la. Apre ou fin pran vaksen an, ou ka santi doulè nan kote ou pran piki a. Ou ka fè eksperyans efè sa yo tou:

- Fatig, lafyèv oswa frison
- Maltèt, doulè nan misk oswa nan jwenti

Sentòm modere sa yo anjeneral disparèt apre 1 a 2 jou.

Èske vaksen COVID-19 yo efikas?

Katòz a 28 jou apre yon premye dòz vaksen, yon moun gen plis pase 80% chans pou devlope iminite kont COVID-19. Dezyèm dòz rekòmande a fèt pou pèmèt iminite alontèm kont viris la. Etandone wo nivo pwoteksyon apre yon sèl dòz, gouvènman an planifye pou administre dezyèm dòz la nan lespas 120 jou (kat mwa).

Èske vaksen COVID-19 yo san danje, menm si yo te pwodwi byen vit?

Sante Canada te swiv menm pwotokòl strik yo tankou pou tout vaksen. Fas a kriz mondyal la kont COVID-19, rechèch pou jwenn yon vaksen te vin yon priyorite nan tout peyi. Chak etap ki te nesèsè pou devlope, teste ak valide vaksen yo te fèt ak yon efikasite san parèy.

Depi lè sa a, dè dizèn de milyon moun te pran vaksen atravè lemond, san pa gen okenn efè grav ak ka lanmò ki asosye ak vaksen an.

Èske mwen ta dwe pran vaksen an si mwen te gen COVID-19?

Menm si yon moun te deja gen COVID-19, li enpòtan pou pran vaksen an pou ogmante pwoteksyon. Moun ki te gen COVID-19 epi ki pran vaksen an pa nesesèman gen plis efè segondè.

Poukisa nou bezwen pran vaksen an si kò imen an ka konbat COVID-19 lan natirèlman?

Moun ki pran vaksen kont COVID-19 la pwoteje kont maladi sa a. Yo gen mwens chans pou yo gen sentòm oswa maladi grav.

Èske vaksen COVID-19 lan ka chanje ADN mwen?

Non. Konsepsyon sa yo ki asosye ak vaksen ARN mesaje (Pfizer ak Moderna) yo pa vre. Li estrikteman enposib pou vaksen ARN mesaje a chanje jèn yon moun. Vaksen an pa rantre nan nwayo selil yo kote ADN nan ye. Selil yo degrade ARN mesaje a byen vit.

Èske vaksen COVID-19 yo efikas kont varyant yo?

Wi. Selon dènye done ki disponib yo, vaksen aktyèl yo efikas tou kont Varyant Britanik lan. Etid ap fèt aktyèlman sou lòt varyant yo atravè mond lan. Si sa nesesè, y ap ajiste vaksen yo kòm sadwa pou konbat lòt varyant yo.

Poukisa pou kontinye pwoteje tèt ou apre ou fin resevwa vaksen COVID-19 la?

Menm lè yo deklare yon vaksen trè efikas, li pa bay 100% pwoteksyon. Mezi sante yo la pou kontinye asire ke ou pwoteje tèt ou ak lòt moun. L ap pran plizyè mwa pou iminize yon pwopòsyon ase gwo nan popilasyon an.



Pou plis enfòmasyon
ak pran yon randevou:



[Quebec.ca/vaccinCOVID](https://quebec.ca/vaccinCOVID)



450 644-4545